

Pèmisyon Paran pou Patisipe nan Rechèch la

Yo mande ou pou ou kite timoun ou an patisipe nan yon etid rechèch. Anvan ou dakò, yo dwe ba w yon rezime sou etid rechèch la. Rezime sa a dwe genyen enfòmasyon esansyèl pou ede w konprann rezon ki fè ou kapab vle oswa ou kapab pa vle timoun ou an antre nan etid la.

Anvan ou dakò, anketè a dwe pale avèk ou sou:

- (i) objektif, pwosedi, ak dire rechèch la;
- (ii) tout pwosedi ki eksperimental;
- (iii) tout risk, malèz, ak avantaj rechèch la ki previzib yon fason rezonab;
- (iv) tout pwosedi altènativ oswa trètman altènativ ki kapab benefik; epi
- (v) fason yo pral mentni konfidansyalite; epi
- (vi) kilès pou kontakte pou kesyon, plent, ak domaj.

Kote sa aplikab, anketè a dwe pale avèk ou tou sou:

- (i) tout konpansasyon oswa trètman medikal ki disponib si genyen domaj;
- (ii) possiblité pou risk ki pa previzib yo;
- (iii) sikonstans lè anketè a kapab mete fen nan patisipasyon timoun ou an;
- (iv) tout frè ki ajoute pou ou oswa pou timoun ou an;
- (v) kisa k ap rive si ou deside kanpe patisipasyon timoun ou an;
- (vi) lè yo pral pale avèk ou sou nouvo dekouvèt ki kapab afekte volonte w pou pèmèt timoun ou an patisipe;
- (vii) ki kantite moun ki pral nan etid la; epi
- (viii) fason ou bezwen otorize itilizasyon enfòmasyon medikal timoun ou an pou etid la.

Patisipasyon timoun ou an nan rechèch sa a volontè, epi yo p ap penalize timoun ou an oswa li p ap pèdi avantaj yo si ou refize kite timoun ou an patisipe oswa ou deside kanpe. Lè ou siyen dokiman sa a sa vle di ke yo te dekri etid rechèch la, ansanm ak enfòmasyon ki anwo a ba ou yon fason vèbal, epi ou dakò pou pèmèt timoun ou an patisipe yon fason volontè. Si ou dakò pou pèmèt timoun ou an patisipe, ou dwe resevwa yon kopi dokiman sa a ki siyen ak yon rezime alekri rechèch la an Anglè.

Kesyon?

Si ou genyen kesyon, plent, domaj, oswa enkyetid sou etid sa a, ou ka kontakte anketè a pandan w ap itilize nimewo telefòn ki nan rezime etid alekri a. Si ou genyen kesyon konsènan dwa timoun ou an antanke yon patisipan nan rechèch la, oswa si ou genyen kesyon, plent oswa enkyetid ke ou santi ou pa ka diskite sou yo avèk anketè a, tanpri kontakte Biwo Komisyon Revizyon Enstitisyonèl Inivèsite Utah a pandan w ap itilize nimewo telefòn oswa adrès imèl ki nan rezime etid alekri a.

Non Timoun nan

Non Paran/Gadyen Legal la

Siyati Paran/Gadyen Legal la

Dat

Relasyon ak Timoun nan pou Paran/Gadyen Legal la

Mwen konfime ke mwen te prezan antanke yon entèprèt pandan dire pwosesis konsantman pou etid rechèch sa a. Mwen konfime ke mwen kalifye epi mwen genyen konpetans ki nesesè pou bay entèpretasyon ant lang paran/gadyen legal la ak lang Anglè. Lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen konfime ke mwen te bay yon entèpretasyon ki konplè konsènan echanj ant chèchè k ap resevwa konsantman an ak paran/gadyen legal patisipan an, selon tout sa mwen konnen.

Non Entèprèt la

Siyati Enteprèt la

Dat

ENPÒTAN: Blòk siyati sa a pou 2^{yèm} paran an pa ta dwe enkli sof si IRB a mande sa.

Non 2^{yèm} Paran/Gadyen Legal la

Siyati 2^{yèm} Paran/Gadyen Legal la

Dat

Relasyon ak Timoun nan pou 2^{yèm} Paran/Gadyen Legal la

Yo pa ka jwenn pèmisyon nan men dezyèm paran/gadyen legal la paske (tanpri tcheke tout sa ki aplike ak sitiyasyon an, 45 CFR 46.408):

- Paran/gadyen legal la mouri.
- Yo pa konnen paran/gadyen legal la.
- Paran/gadyen legal la pa genyen kapasite pou sa.
- Paran/gadyen legal la pa disponib yon fason rezonab.
- Se sèlman yon paran ki genyen responsablite legal pou swen ak lagad timoun nan